

Fè FEMA konnen si Sitiyasyon Ou Chanje

Release Date: Nov 16, 2021

Depi w fin aplike pou w resevwa asistans nan FEMA, li enpòtan pou w fè FEMA konnen si w chanje adrès, si w dekouvri siklòn Ida te fè plis dega lakay ou oswa si w gen yon lòt pwoblèm ki gen rapò ak katastwòf la. Asire w ou fè FEMA konnen si

Ou dekouvri Siklòn Ida fè kay ou ap anvayi ak plis mwazi

Antanke pwopriyetè kay ki elijib pou l resevwa asistans nan FEMA, ou ka resevwa lajan pou w repare domaj mwazi dezans la te koze nan kad sibvansyon Asistans pou Reparasyon Kay ou. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou w elimine mwazi nan Sant pou Kontwòl Maladi ak Prevansyon, vizite [CDC.gov/mold/cleanup](https://www.cdc.gov/mold/cleanup).

Ou te mande yon lòt moun pou l aji nan non ou

Si w mande yon zanmi oswa yon fanmi pou li aji nan non w lè w ap aplike pou w resevwa asistans nan FEMA oswa lè w ap rankontre enspektè FEMA a, ou dwe ekri FEMA pou w fè l konn sa. Soumèt konsantman w sou entènèt lè w konekte sou kont FEMA w la, nan [DisasterAssistance.gov](https://www.disasterassistance.gov), oswa voye l pa lapòs bay **FEMA National Processing Service Center, P.O. Box 10055, Hyattsville, MD 20782-8055**. Ou ka voye konsantman w pa faks tou bay **800-827-8112**. Yon lòt fason pou w fè FEMA konnen ou te idantifye yon moun pou aji nan non w: Ou menm ak reprezantan w ka vizite yon Sant Rekouvremant pou Katastwòf ansanm pou soumèt konsantman w. Jwenn Sant Rekouvremant pou Katastwòf ki pi pre w la anliy nan [fema.gov/DRC](https://www.fema.gov/DRC).

Siklòn Ida andomaje founo w la

Si asirans ou an pa kouvri domaj Siklòn Ida te koze nan founo w la, ou ka kalifye pou w resevwa yon sibvansyon nan FEMA pou w ka ranplase l oswa repare li. Soumèt yon lèt apèl, yon resi oswa yon estimasyon pou w repare oswa ranplase



FEMA

Page 1 of 2

fou a, epi asire w ke ou mete non kontraktè a ak nimewo telefòn li nan dokiman yo.

Ou chanje adrès oswa nimewo telefòn

Asire w ke FEMA gen bon jan enfòmasyon pou l kontakte w, sa ap ede w evite reta. Asire w ou fè FEMA konnen si w chanje adrès, menm si se pou yon ti tan. Asire w ke nimewo telefòn ou ak adrès imel ou ki nan dosye FEMA yo kòrèk. Sonje ke ou ka mete enfòmasyon w yo ajou sou entènèt lè w vizite DisasterAssistance.gov.

Dat limit pou w aplike pou asistans katastwòf FEMA a se Lendi 6 Desanm. Men ki jan pou ou aplike:

Vizite DisasterAssistance.gov, itilize aplikasyon mobil oswa rele nan liy FEMA a, nan **800-621-3362**. Si w ap itilize sèvis relè videyo (video relay service, VRS), sèvis telefòn ak soutit oswa lòt sèvis, bay FEMA nimewo sèvis sa a. Operatè liy asistans yo disponib apati 8 è a.m. jiska 7è p.m. chak jou. Peze 2 pou Panyòl. Peze 3 pou w jwenn yon entèprèt ki pale lang ou an.

- Ou kapab vizite yon Sant Rekouvremant pou Katastwòf epi rankontre ekip FEMA a ak reprezantan lòt ajans federal ak ajans nan eta a ki kapab founi w enfòmasyon sou èd pou katastwòf. Pou w jwenn yon sant sekou tou pre ou, vizite [DRC Locator \(fema.gov\)](https://DRCLocator(fema.gov)).

Pou plis resous anliy ak depliyant FEMA ak lòt èd ou kapab telechaje, ale sou DisasterAssistance.gov epi klike sou "Enfòmasyon."

Pou dènye enfòmasyon konsènan efò rekiperasyon New York, vizite fema.gov/disaster/4615. Swiv FEMA sou Twitter nan twitter.com/FEMARegion2 epi sou Facebook nan www.facebook.com/fema



FEMA